



HALF-MILLION
MOBILIZATION

Ki moun, ki sa, ki lè, poukisa Mobilizasyon Demi-Milyon an

Ki moun : Repons kout se tout moun! Tout legliz Nazareyen, 500,000 moun nan peyi Etazini ak Kanada, pral rasanble ansanm nan lapriyè pou espwa legliz nou yo ak avni nou (Jeremi 29:11).

Ki sa: Yon apèl pou lapriyè ak yon apèl pou pale pou avni denominasyon nou an ak legliz lokal nou yo nan peyi Kanada ak Etazini. Priye pou pwoteksyon, direksyon, ak revelasyon Lespri a sou ministè nou yo ansanm. Lapriyè nou se pou wè renouvèlman ak yon restorasyon nan legliz Nazareyen ak mesaj sentete a nan mitan pèp nou an. Apèl pou Pale a se yon repons lapriyè/ankèt pou rasanble fidbak sou sa Lespri a di legliz la pandan tan lapriyè sa a.

Kilè: Genyen yon jou ki chwazi pou ke lapriyè chak mwa yo kòmanse nan mwa Janvye epi kontinye jiska dimanch 1 Me kote ke tout legliz la pral priye ansanm nan sèvis maten nou yo.

11 Janvye - 50 ansyen lidè rejyonal nou yo

1 Fevriye - 500 lidè nou yo atravè chak distri

1 Mas - 5,000 pastè dirijan legliz lokal yo

Reyinyon Konsèy mwa Avril yo - 50,000 konsèy legliz lokal yo ak lidè ministè yo

1 Me se - tout Legliz Nazareyen, 500,000 moun ap priye ansanm nan peyi Etazini/Kanada.

Soti 1 Me jiska Lapannkòt (5 Jen), pral gen yon moman lapriyè chak jou pandan ke n'ap itilize yon jounal lapriyè ki pote yon tit an anglè Praying Our Way to Pentecost (Priye nan Fason pa nou pou Lapannkòt). Jounal lapriyè a disponib sou Entènèt epi an lèt detache. Planifye pou swiv ansanm ak antisipe yon gwo vèsman Sentespri a pandan sezon sa a.

Poukisa: Nou bezwen plan Bondye, objektif Bondye reyalize nan lavi nou ak nan legliz nou yo. Divizyon ki egziste nan kilti nou an ak feblès ki genyen nan ministè Nazareyen nou yo dwe bese. Nou dwe tounen vin jwenn Bondye pou ke li dirije nou; nou dwe chèche volonte l nan lapriyè ansanm. Tan lapriyè sa a pral pèmèt ke nou mete tèt nou ansanm antanke rejyon. Bondye di ke lè n ap chèche l ak tout kè nou, n ap jwenn li (Jeremi 29:13).

Rèv avèk Mobilizasyon Demi-milyon an se ke nou pral fè eksperyans inite kòm yon rejyon, nou pral tande vwa Sentespri a nan moman lapriyè nou an, nou pral pataje youn ak lòt sa Lespri a ap di, epi nou pral dekouvri plan li pou espwa ak lavni nou.

Repons lapriyè / Ankèt

Apèl pou fè dialog la se yon repons lapriyè / sondaj ki vle di yo dwe pran youn oswa plizyè okazyon apre nou fin tande vwa Sentespri a nan moman lapriyè a. Sa a kapab soti nan yon jou ki deziyen pou lapriyè oswa nenpòt lè Seyè a rele nou vin lapriyè epi li pale avèk nou sou avni legliz la. Repons lapriyè a kout epi yo kapab konplete nan senk minit. Gen yon kesyon ouvè kote ke w kapab reponn ak sa Lespri a ap di w la. Gen de kesyon fèmèn kote nou kapab klase ak priyorite domèn ki konsantre sou ministè nou an.